

# Fason ou ka prepare pou vizit ou kay pwofesyonèl sante w.



## Byen pwofite vizit ou a

Pou w byen pwofite vizit ou a, se pou w prepare. Itilize **lis pou vizit kay pwofesyonèl sante** sa a pou verifye ou genyen tout sa ou bezwen pou vizit ou a. Se pou w prepare tout sa ki sou lis la nan jou anvan vizit la. Li **lis pou vizit kay pwofesyonèl sante** a nan jou vizit la pou verifye ou genyen tout sa ou bezwen.

Si w bezwen yon èd nan yon lòt lang pou prepare sa ki sou lis la, rele ekip sèvis pou manm yo, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan **1-855-355-9800**. Pou moun ki itilize TTY, rele nan **1-855-358-5856**.

## Lis pou vizit kay pwofesyonèl sante a

- Lis antesedan medikal:** Prepare yon lis ki mansyone tout pwoblèm medikal ou yo, operasyon ou te fè yo ak non pwofesyonèl sante w yo. Pa bliye mansyone si w ansent, si w te deja ansent e si w te janm rankontre yon pwoblèm pandan yon gwosès. Mansyone eta sante ak antesedan medikal fanmi pwòch ou tou.
- Medikaman:** Pote medikaman w yo avè w nan randevou w la (oswa pote yon lis medikaman sa yo, kit se medikaman sou preskripsyon, kit se medikaman ou ka achte san preskripsyon). Pa bliye mansyone sipleman, vitamin oswa remèd fèy ou konn pran yo pou pwofesyonèl sante w la ka egzamine yo ansanm avè w.
- Lis sentòm:** Ekri nenpòt nouvo sentòm ou sibi ak nenpòt pwoblèm kwonik ki toujou ap nui w.
- Lis kesyon:** Ekri nenpòt kesyon ou ta renmen poze pwofesyonèl sante a pandan vizit la.
- Kat asirans sante:** Pote kat AmeriHealth Caritas Florida w ak nenpòt lòt kat asirans ou genyen.
- Mande yon fanmi w oswa yon zanmi w akonpaye w:** Li ka itil pou yon moun akonpaye w pou ba w sipò pandan vizit ou. Moun sa a ka ede w suiv tout sa pwofesyonèl sante a ap di w yo. Epitou, li ka fè w sonje tout kesyon ou te vle poze yo oswa lòt bagay ki trakase w. Fè konpai transpò a konnen konbyen moun ki pral akonpaye w.
- Yon kaye ak yon plim:** Li enpòtan pou w pran nòt e pou w konprann plan swen w. Mande pwofesyonèl sante w pou l esplike w nenpòt bagay ou pa fin konprann.
- Linèt oswa aparèt pou ede w tande:** Veye pou w gen tout sa ou bezwen pou tout bagay byen pase pandan randevou w la.

## Ki sa pou w fè apre vizit la:

1. Al chèche nouvo medikaman sou preskripsyon w yo nan famasi a. Konpayi transpò a ka fè yon ti kanpe nan famasi w pou w ka pran medikaman w yo.
2. Fè nenpòt tès pwofesyonèl sante w mande w fè. Ou ka mande konpayi transpò a mennen w kote ou pral fè tès sa yo.
3. Pran yon randevou suivi si pwofesyonèl sante w di w ou bezwen fè sa.
4. Kontinye ekri nenpòt chanjman ki fèt nan eta sante w, nan medikaman ou pran yo ak nan sentòm ou sibi yo pou w ka prepare pwochen vizit ou.

Si w gen kesyon sou sante w, se pou w toujou mande pwofesyonèl sante w dabò.



Dokiman sa a la pou ede w pi byen konprann eta sante w. Li pa la pou ranplase pwofesyonèl sante w. Si w gen kesyon, tanpri pale sa ak pwofesyonèl sante w. Si w panse ou bezwen al kay pwofesyonèl sante w la akòz yon bagay ou te li nan dokiman sa a, se pou w kontakte l. Pa janm sispann ni tann pou resevwa swen medikal akòz yon bagay ou te li nan dokiman sa a.

AmeriHealth Caritas Florida respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or **TTY 1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o **TTY 1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou an nan nimewo **1-855-355-9800** oswa **TTY 1-855-358-5856**, 24 sou 24, 7 sou 7.

ACFL\_232462500-1\_HCR

## Nimewo ki enpòtan

### Ekip sèvis pou manm yo\*

**1-855-955-9800**  
(TTY 1-855-358-5856)

### Liy asistans enfimyè:

**1-855-398-5615**

### Ekip repons ak kontak rapid la:

**1-855-371-8072**

lendi pou vandredi, soti 8è nan maten  
rive 5è nan aprèmidi

- Transpò
- Asistans an rapò ak medikaman
- Asistans pou pran randevou
- Jesyon dosye

### Pwogram matènite Bright Start®

**1-855-371-8076**

lendi pou vandredi, soti 8è nan maten  
rive 5è nan aprèmidi

\*Li disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7

Nan ka ijans, rele 911.

  
**AmeriHealth Caritas**  
Florida

[www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com)